ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИIЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№235 (22.893) • 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 2, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ я комиссэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «2014 гъэм и бжыхьэм цIыхухэм дзэм къулыкъу щащIэну гъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхуфи» 2014 гъэм фокIадэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №188-УГ-мкIэ къыщтахэм, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ я комиссэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «2014 гъэм и бжыхьэм цIыхухэм дзэм къулыкъу щащIэну гъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхуфи» 2014 гъэм фокIадэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №188-УГ-мкIэ къыщтахэм, мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм и гуп нэхъыщхьэм:

мы къыкIэльыкIуэхэр хэгъэхьэн:

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэлэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр;

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр;

Емуз Н. Гъу. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэльыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуфэмкIэ и министрыр»;

Шэт И. М. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэльыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрыр»;

комиссэм къыхэгъэкIыжын АфIэунэ А. М., Тхьэгъэлэдж З. М. сымэ;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм и гуп къуэдзэм:

Мусуков А. Тl. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщыр (комиссэм и тхьэмадэщ) хэгъэхьэн;

Храмов К. К. къыхэгъэкIыжын;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ я комиссэхэм:

Налшык къалэ округым цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и гуп къуэдзэм:

Хэгъэхьэн Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзэщIэр (комиссэм и тхьэмадэщ);

къыхэгъэкIыжын Ушцхьэ Т. Хь.;

Прохладнэ къалэ округым цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм и гуп нэхъыщхьэм:

хэгъэхьэн Кладько И. Е. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзэщIэр (комиссэм и тхьэмадэщ);

къыхэгъэкIыжын Бирюк А. А.;

Лэскэн муниципальнэ районым цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм и гуп нэхъыщхьэм:

хэгъэхьэн АфIэунэ А. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзэщIэр (комиссэм и тхьэмадэщ);

къыхэгъэкIыжын Кебеков В.С.;

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм и гуп нэхъыщхьэм:

хэгъэхьэн Уянаев К. Хь.-М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзэщIэр (комиссэм и тхьэмадэщ);

къыхэгъэкIыжын Малкаров А. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м
№231-УГ

Жаным Р. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэным и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн **Жаным Р. М.** - жылагъуэ лэжьакIуэр.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м
№245-УГ

Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхынымкIэ конкурс езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэтхэр къащтэным и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхынымкIэ конкурс езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Алэкъуей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр

Мэремыкъуэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Мэкъумэш хозяйствомкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-хъухтакIуэ институт» къэрал щIэныгъэ Iуэхущапэм и унафэщыр *(зэгурыIуэу)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным и IуэхуфэмкIэ и управленэм и унафэщыр.

1. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м
№128-РГ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэфIагъэкIахэр къапщытэж, къалэнхэр яубзыху

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Израилым, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щылажьэ хасахэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ЗЭХУЭСЫР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъуокъуэ Хьэутий**.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщу зэфIагъэкIахэр къыщапщытэжым Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыцэ Мухьэмэд** тепсэлъыхьащ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щIикIу махуэм екъэлIа Iуэхугъуэхэр зэрыгъэфIакIам, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр къызэрызэрагъэпэщам, КъБР-м и цIыхубзэ усакIуэ КIыщокIуэ Алим къызэралъхьэрэ илъэси 100 зэрырикъум екъэлIа Iуэхуэр зэрекIуэкIам. Апхуэдэуи адрей хэгъуэгуфIэмрэ къэралхэмрэ щыIэ Хасэ къудамэхэм щалэжьар утыку кърахьащ абыхэм я унафэщIхэм.

Хасащхьэм и зэхуэсым кърихьэлIарихьэлIэу щыщIэнуц дунейпсо сату щыпIэхэр какао тонн мелуан. А IэфIыкIэ лIэужьыгъуэр, Iуэхур апхуэдэурэ екIуэкIмэ, къэзыщыхуфынур зырызыхъхэрщ. Абы и мызакъуэу, кIэнфетым какао мащIэ дыдэ фIэкIа халъхьэнукъыми, и IэфIагъэр иджырей-хэм зыкIи ещхьыжьынукъыми».

Шоколад къыщIэзыгъэкIэр ирогузаво Эболэ техьэгъуэм и зэран я IэнатIэми екIынкIэ, сыту жыпIэмэ, какао лIэужьыгъуэу дуней псор зыхуэныкъуэм и процент 70-р къыщыраихьэлIэр КъухьэпIэ Африкэм и къэралхэрщ - иджыпсту а узыфэр щыетарщ.

КIуэтэху нэхъ лъапIэ мэхъу

Цыхухэм нэхъыфI дыдэу ялъагъу IэфIыкIэм - шоколадым - и уасэм илъэс къэзарыкъэхъуэм гу лъымытэу къанэркъым. Илъэситым къриубыдэу какао тонным и уасэр доллар 2500-м икIри 3130-м нэсащ.

Шоколад къыщIэзыгъэкIэм зэрыжаIэмкIэ, илъэсиж дэкIмэ, ар лъапIэ дыдэ хъунущ. Нэхъ жыжьэ, илъэс тIощI хуэдизкIэ, уIэбэмэ, бдзэжьей хугум хуэдэу, ар лъапIи гъуэтыгъуеи хъунущ. Абы и щхьэусыгъуэр - къызыхащIыкI какаор къаззремэщIэжьынущ. Дунейпсо уасэхэм, сату Iуэхуэм якIэлъыплъ Iэщ1агъэлIэм къызэралъытэмкIэ, какао жыгъэр щагъэкI щыпIэхэр кIуэтэху нэхъ мащIэ ящI. «Абы дызыхуишэнур уасэхэр нэхъ лъапIэ хъуным и закъэжьэным, атIэ а ерыскъыгъуэ лIэужьыгъуэр зэпэубыда хъунри къыдэкIуэнущ, - жIэ «Марс» компанием и Iуэхущ1апIэу Инджьилызым щыIэм и унафэщI Доусон Фионэ. - 2020 гъэм ирихьэлIэу щыщIэнущ дуней-псо сату щыпIэхэр какао тонн мелуан. А IэфIыкIэ лIэужьыгъуэр, Iуэхур апхуэдэурэ екIуэкIмэ, къэзыщыхуфынур зырызыхъхэрщ. Абы и мызакъуэу, кIэнфетым какао мащIэ дыдэ фIэкIа халъхьэнукъыми, и IэфIагъэр иджырейхэм зыкIи ещхьыжьынукъым».

Шоколад къыщIэзыгъэкIэр ирогузаво Эболэ техьэгъуэм и зэран я IэнатIэми екIынкIэ, сыту жыпIэмэ, какао лIэужьыгъуэу дуней псор зыхуэныкъуэм и процент 70-р къыщыраихьэлIэр КъухьэпIэ Африкэм и къэралхэрщ - иджыпсту а узыфэр щыетарщ.

Псапэ пщIэнумэ, Iэмал куэд щыIэщ

Сауд Хьэрыпым и къалэхэм ящыщ щым щыпсэу цIыхухэу гуэрым къиГъуэтащ факIьырэхэм, зи щхьэ зыкъыгъэпсэужьиф лъэIуакIуэхэм зэрызащIигъэкъуэн Iэмал хъарзынэ.

Зи цIэ-уняцIэр хэлущIыу зыщIыну хуэмей а псапащIэм и унэ щIыхьэпIэм деж щIыпIалъэшхуэ щигъэуващ икIи езым и унагъуэм щапщафIу яхуэмышха ерыскъыхэкIэр дилъхьэу хуежьащ.

«Хуэмыщ1ахэм зэрызащIигъакъуэм папщIэ абы, тхьэмыщкIэхэм я мызакъуэу, пщIэ, фIыщIэ къыхуащI а Iуэхуфым и хьыбар зэхэзыхахэми. Ерыскъыу куэд пхъэнкIийм езыгъэхь унагъуэ хуэжъулейхэм щапхъэ зытрах хъун Iуэхущ щIалэм къыхилъхьар», - жIэ абы и гъунэгъуэм.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дадэм щIыгъур нанэщи, нанэм щIыгъур дадэщ.

♦ЦIыхур гъэпщылIныныр гъэкIуэдыным хущIэкъуным и дунейпсо махуэщ

♦Банк лэжьакIуэм и махуэщ

♦Хьэрып Эмират Зэкъуэтхэм я къэралыгъуэм и махуэщ. 1971 гъэм эмиратихыр зэгуихьэри, къэралыгъуэ щхьэхуит къэунэхуащ.

♦1409 гъэм къызэIуахащ Лейпциг (Германие) университетыр.

♦1804 гъэм и кулыкъум теуващ Франджым и япэ император Бонапарт Наполеон.

♦1870 гъэм Рим Италием и щIыхьэр хъуащ.

♦Къэбэрдей джэгуакIуэ, усакIуэ **Агьокъуэ Лашэ** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Баграмян Иван** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакIуэ **Гъэущокъуэ Хъусин** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 4 - 2 щыхьэнущ.

● Зэ1ущIэхэр

«Мир» радиор иджы Налшыки щоIу

ЩэкIуэгъуэм и 28-м КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм «гъуэгу щраташ» «Мир» радиом. 99.0 FM частотам дяпэкIэ Налшык къыщыубыдынущ нэтын гъэщIэгъуэнхэр къэзыт радиор.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алийрэ** «Мир» радиом и Iэтащхьэ **Кувшинчиков Дмитрийрэ** республикэ журналистхэм рдзэгушащ радиом и лэжьакIэнымрэ абы щIэуэ зэхьидигъэхьнухэмкIэ.

Зэ1ущIэр къыщызэIуихым Мусуковым жиIащ иджы щIэуэ Налшык щыIуну радиор нэгъуэщI хэгъуэгуфIэм куэд щIауэ зэрыщIалажьэр, цIыху мелуан 30-м щIигъу зэредаIуэр.

- Макъамэ нэтынхэм нэмыщI, радиом щытепсэлъыхьынущ псэукIэм екъэлIа Iуэхугъуэ куэдым, - къыхигъащащ Мусуков Алий. - «Мир»-м и Iулыджьыр къэлпъытэмэ, а радиор ди цIыхухэм я Iэпэгъу щыхъунущ унэми, машинэми, лэжьапIэми. Ар цIыху куэд зэдаIуэ хъыбарегъащIэ Iэмалщ. Си гугъэщ нобэ етхьэжьэну Iуэхур гъуэгу махуэ теувэну.

Кувшинчиков Дмитрий фIыщIэ яхуищIащ республикэм и унафэщIхэм, Налшыки щылажьэну къыхалъхьа жэрдэмыр зэрыдаIыгъам папщIэ икIи радиом едэIуэнухэм я гукъыдэжыр къаIэту, Урысейм РФ-м и къэралхэм зэрыпсэуным щагъэгъуэзэну яужь зэритынур къыхагъэщащ.

- А псом къыдэкIуэу республикэм исхэми афIэгъэщIэгъуэнынущ я лъахэм щыхъыбархэр, ди журналистхэм я Iэзэгъыр къэдгъэсэбэпу абыхэми махуэм щэ фыщыдгъэгъуэзэну ди мурадщ, - жIащ Кувшинчиковым. - Урысейм и Илъэ пъэныкъуэм куэд щIауэ щоIу «Мир»-р.

- Псалъэм папщIэ, Дон Iуфэ Iус Ростов, Ставрополь, Новочеркасск, Таганрог, Невинномысск, Волгодонск, Псыхуабэ, Есэнтlыгу, Нартсанэ, нэгъуэщI къалэхэми щолажьэ. Иджы абыхэм къахихьащ Налшык. Урысейр зэрыщыту, хъащтэмэ, ди радиор къалэ 47-м щолажьэ, апхуэдэуи СНГ-м и къэралищым щыдэтIыпщащ.

«Мир» радиостанцым фригъэдэIуэнущ фэ фIыуэ фIыгъэу уэрэдхэм, макъамэхэм. Налшык щыпсэухэр дяпэкIэ ди телефоным (8-800-444-84-84) къэпсалъэ хъунущ зэдэIуэну яфIэфI макъамэр ягъэбелджылыну.

ЕдгъэкIуэкI Iуэхуэм я гугъу пщIымэ, нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ «Дунейм и къэлэ нэхъыфI» проектыр. Абы къалэхэм я тхыдэм, нобэ я щыIэкIэ-псэукIэм дыщытопсэлъыхь, и цIыхуэр зэрыпсэур радиом едаIуэхэм яжьдоIэ. Фэри фыпэплъэ хъунущ Налшык и зы хъыбар утыку къызэритхьэнум, зы махуэкIэ нэхъ мыхъуми, КъБР-м и кьалащхьэр дуней псом и кьалэ нэхъыфIу дгъэувыфынущ дэ.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритым, Кувшинковым кьыхигъэщащ адрей радиостанцэм ямыIэ Iуэкугъуэщ1эхэр къыхалъхьэну зэрамурадыр, цIыхухэм я дэрэжьгъуэр кьалэтыныр кьалэн нэхъыщхьэу зэрызыхуагъуэрыжьыр.

ШЫПШ Даянэ.

ЩхьэщытыкIыпхъэр яхуегъэмащIэ

● Банк Iуэхуэр

Урысейм и ХъумапIэ банкым «Защищенный кредит» Iэмалыр щIыхухэм яхуегъэлъагъуэ. Зи гъащIэмрэ зи узынщагъэмрэ страхованэ зыщIхэмэ ипотекэ щIыхуэм щхьэщытыкIыпхъэм абыкIэ зы процент хукIэрагъэху.

КъЫХАЛЪХЬэ акцэхэри хэту, Урысейм и ХъумапIэ банкым и ипотекэ программэ псоми а Iэмалыр ятещIыхьащ.

Фэтэр къэзыщэхухэм къащтэ ипотекэ кредитым нэхъ мащIэ дыдэу илъэсым щхьэщытыкIыпхъэр процент 11-м, ухуэныгъэщIэм папщIэ процент 12-м нэскIэ ягъэмэщIащ. Iэмалыр къыщыхалъхьам щегъэжьауэ ухуэныгъэщIэм е къащэхуэ фэтэрым хуэдэм техьэр, цIыхум хуэфIэкIынымрэ къыщтэну щIыхуэр зыхуэдизымрэ тещIыхьауэ, илъэсым процент 11-м къыщыщIэдзауэ процент 16-м нос.

- Урысейм страховой рынокым зэрызыщиужьым, цIыхухэр финанс зегъэкIуэкIэм хуэIэзэ зэрыхъуэм и нэщэнэу, гъащIэмрэ узынщагъэмрэ страхованэ зэращI программэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжьгъэм хохъуэ. Псом япэу ар пIалъэ кIыхькIэ ягъэзащIэ программэхэм тращIыхь - я щхьэри, я Iыхьлъхэри къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм зэрыщахъумэным цIыхуэхэр хущIокъу. Страховой полисхэр къэзыгъэсэбэпхэм къащтэ щIыхуэм щхьэщытыкIыпхъэр зэрахуэдгъэмащIэм банкым къыхилъхьа Iэмалым куэд дригъэхьэхыну, абыхэм даэрыдалажьэ щIыкIэр иригъэфIэкIуэнущ, - жиIащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

БАГЪЭТЫР Анзор.

● Пшыхьхэр

Астэжь Франческэ КъШР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI хъуэхъум кьоджэ.

«Черкес хэкум» и махуэ лъапIэ

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Черкес хэку» газетыр илъэс бгъущI зэрырикъуар Iэтауэ ягъэлъэпIащ. Дунейм, къэралым, республикэм кьыщыхъу-кьыщыщIэхэмрэ хьыбарыщIэхэмрэ цIыхубэм я деж нэхъэсыным и мызакъуэу, анэдэлъхубзэр хъумэнымкIэ, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр, тхыдэр цIыхуэм я Iэпэгъуу щытынымкIэ къалэныщхуэ зи пщэ кьыдэхуэ газетым и пшыхьым хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и ЦIыхубэ Зэ1ущIэм (Парламентым) и депутатхэр, Правительствэм и лыкIуэхэр, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн республикэхэм къикIа хьэщIэхэр.

БЫСЫМХЭМ, «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэм, хьэщIэхэр гуапэу яхуагъэблэгъа нэужь, адыгэ макъамэ щабэм щIэту щхьэж и тIысыпIэ зригъэгъуащ. Газетым и тхыдэм, кьикIуа гъуэгуанэм, нобэ и Iуэхущ1афэхэм кьызэхуэсахэр кIэщIу щагъэгъуэза нэужь, япэу утыку кьрагъэблагъащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщым и къуэдзэ **Астэжь Франческэ**. Ар кьеджащ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид кьыбгъэдэкI хъуэхъум. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ газетыр щIыхуэм я гукъеуэхэр властым деж нихьэсыфу, унафэщIхэм я мурадхэри хэгъуэгум щыпсэуэхэм кьагуригъаIуэу кьызэрыгъуэгурыкIуэр.

КъШР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ Iуэху гуапэ игъэззщIащ Франческэ а пщыхьщхьэм - «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» щIэ лъапIэр зыхуагъэфащащ Бемырзэ Зурабэрэ Абидокъуэ Люсанэрэ я дамыгъэхэмрэ тхьилъхэмрэ яритыжащ. Апхуэдэуи Аслъэнкъуэ Мадинэрэ Хьэтыкуэй Iэсиятрэ КъШР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъхэр яритащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Тхьэгъэпсэу Уважькуэ, Дер Вячеслав, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Налшык къалэ №228-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къыдигъэкІа унафэ №137-ПП-мкІэ къыщІэм, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 14-м хэт «ГъэкІэщІауэ цІэ иІэкъым» псалъэхэр зэхъуэкІын «ГъэкІэщІауэ зэреджэр - Къэбалъкъэржаднэлъпкъ» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ!ым и къалэнхэр зыгъэзащІэ АЛЬТУД Юрий

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм щыщ псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэр цІыху гупхэр зэраубзыхурэ апхуэдэ цІыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхэ щыкІэмрэ къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Налшык къалэ №258-ПП

Урысей Федерацэм и Правительствэм «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъуэхэмрэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кІыззэгъэпэщыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м къыдигъэкІа унафэ №323-м, «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъуэмрэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кІыззэгъэпэщыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм хиубыдэу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным екъэлІа Іуэху цІхьэуэхэм ятеухуауэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 5-м къыдигъэкІа унафэ №404-м, апхуэдэу «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъуэмрэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кІыззэгъэпэщыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм хиубыдэу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр щагъэзащІэкІэ Урысей Федерацэм и субъектым къриубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэхэр къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыху гупхэр гъбелджьыныим, апхуэдэ цІыхухэм я спискэхэр, субъектым тещІыхьа реестрэр зэхэлъхьэным и Іыныкъуэкіэ методикэ чэнджэщхэр къэщтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къыдигъэкІа унафэ №286/пр-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэм тету псэупІэхэр ухуэныжькІэ проектхэр зэрагъэзащІэр ынэтІныжькІэ, апхуэдэу мы программэм къриубыдэу псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэхэр зратхэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и реестрыр зехьэныжькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органыр хэхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэр.

2. Къэщтэм мы унафэм щыгъуэзу:

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхэ щыкІэмрэ я Іуэхукіэ.

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхэ хабзэр;

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхьэ хабзэр;

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я ипотекэ кредитхэр (щыцІыхэр) яхуэхьынымкІэ ябгъэдэлъ эзфІэкІыр ипотекэ кредитхэр зытхэм зэрызщІагъэбыдэ хабзэр;

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я реестрым ит хъыбархэмкІэ зэрызэхъуэжэ щыкІэмрэ;

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхуу спискэм хэхуахэм экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэнуи информацІэ Іуэхуэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщ хабзэр.

3. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхэм чэнджэщ етын:

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я спискэхэр зэхэлъхьэныжькІэ жэуап зыхь уполномоченнэ органыр къыхахыну;

«Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хьыхь псэупІэ къащхэну хуитыныгъэ зиІэ цІыхухэм я спискэхэр щызэхахьэкІэ мы унафэм къигъэувкъэм тетыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

«Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъурэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр» къэрал программэм хиубыдэу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щагъэзащІэн папщІэ щы Іыхьэхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІынуэр, псэупІэхэм я проектхэр къызэрыхах Хабзэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Налшык къалэ №259-ПП

«Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъурэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр» къэрал программэм хиубыдэу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щагъэзащІэн папщІэ щы Іыхьэхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІынуэр, псэупІэхэм я проектхэр къызэрыхах Хабзэр (адэкІэ - Хабзэщ) къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм, «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэм хиубыдэу ящІыну псэупІэхэм я проектхэр зэрагъэзащІэр зэгъэуІунымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органым хуэгъэувын:

а) уней мылъкуу щыт е ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІынухэм бэджэнду яІыгъ щІы Іыхьэхэр къыхэхыныр, апхуэдэу апхуэдэ щІы Іыхьэхэм ухуэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІынухэмрэ абыхэм щащІыну псэупІэхэм я проектхэмрэ къыхэхыныр мы Хабзэм тету мазитІ пІалъэм къриубыдэу къызэригъэпэщыну;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщ щІы Іыхьэхэр, федеральнэ мылъкум хиубыдэ щІы Іыхьэхэм ящІыну ахэр зехьэныжькІэ зэблахъуэ кІыныжькІэ Урысей Федерацэм бгъэдэлъ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органым иратахэр, муниципальнэ мылъкум хиубыдэ щІы Іыхьэхэр, апхуэдэу къэрал мылъкуу зэрыщытыр тэмэму ямыубзыхуэ щІы Іыхьэхэр къыхэхыныр мы Хабзэм тету мазищ пІалъэм къызэригъэпэщыну;

в) ищІхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ Іуэхуэхэр зэфІэкІыжьа нэужь щІы Іыхьэхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІынухэр, ящІыну псэупІэхэм я проектхэр къызэрыхихамкІэ отчетхэр Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм зы мазэ пІалъэм къриубыдэу иритыну;

г) мы унафэм и пункт 3-м икІи иткІэ 2014 гъэм щы Іыхьэхэр зэригъэшам теухуа отчетыр 2015 гъэм мазаем и 1-м фІэмыкІыу, 2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм зэригъэшам теухуа отчетыр 2015 гъэм щышыхьэуІм и 1-м фІэмыкІыу Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм иритыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ!ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм, апхуэдэу щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу мы унафэм и пункт 2-м и «б» пункт къуэдзэм тету зэрагъэшам мылъкум е муниципальнэ мылъкум хиубыдэ щІы Іыхьэхэр тыныжькІэ полномочиехэр зиІэхэм яхуэгъэувын:

а) Урысей Федерацэм и Щ!ы кодексым, Урысей Федерацэм и Къалэуэхэ кодексым, апхуэдэу «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъуэхэмрэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кІыззэгъэпэщыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм хиубыдэу «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным хуэдэу щы Іыхьэхэр, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІынухэр, яухуэну псэупІэхэм я проектхэр къыхэхыныжькІэ хуагъэув хабзэ «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбгъуэмрэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кІыззэгъэпэщыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм хиубыдэ «Урысей унагъуэм папщІэ псэупІэ» программэр гъэзэщІэным пыщІа ящІыну Іуэхуэхэм ятеухуауэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 5-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа унафэ №404-мкІэ къыщам и пунктхэу 7 - 16-м, 18 - 22-м къызэрагъэувым хуэдэу экономическэ лІэужьыгъуэм хиубыдэ псэупІэхэр зэрыщащІынум хуагъэхъэзырын, экономическэ лІэужьыгъуэм хиубыдэ псэупІэхэр зэрыщащІынум щы Іыхьэхэр комплексэнэу хуагъэхъэзырын папщІэ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ щы Іыхьэхэр 2014 гъэм е 2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм ятыну;

б) ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ щы Іыхьэхэр 2014 гъэм зэрагъэшам теухуа отчетыр 2015 гъэм щышыхьэм и 20-м фІэмыкІыу, 2015 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм зэрагъэшам теухуа отчетыр 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м фІэмыкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм зэрагъэшам теухуа отчетыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м Налшык къалэ №262-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэрэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым теухуа Положенэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым хэхьэ дыдэу щылажьэр цІыху 27-рэ, абыхэм я къулыкъуэм хуэзэ улахуэмкІэ мазэ лэжьапщІэ фондыр аппаратым къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщІэным текІуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах ахъшэу сом мини 160,1-рэ хъуурэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетыр хуит щІын унафэщІым и къуэдзэу тІу иІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ!ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м Налшык къалэ №263-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэрэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ!ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм теухуа Положенэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ!ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм бгъэдалъхьэж. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэу нэхъ япэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Рес- публикэм и къэрал мылъкур (абыхэм щы Іыхьэхэри яхэту) зыбгъэдэлъу, къэрал мылъкур зэблэзыгъэкІыу, хозяйственнэ зэгурыІуэныгъэхэр кІыззэгъэпэщу щытахэм я хуитыныгъэхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ!ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэр цІыху 37-рэ, абыхэм я къулыкъуэм хуэзэ улахуэмкІэ мазэ лэжьапщІэ фондыр аппаратым къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщІэным текІуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах ахъшэу сом мин 209,04-рэ хъуурэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ кІыззэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ №264-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэрэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ кІыззэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм теухуа Положенэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ кІыззэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэр цІыхухэр 145-рэ, абыхэм я къулыкъуэм хуэзэ улахуэмкІэ мазэ лэжьапщІэ фондыр аппаратым къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщІэным текІуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах ахъшэу сом мин 736,81-рэ хъуурэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ кІыззэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэр хуит щІын мы унафэм и къуэдзэу щы иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ!ым и къуэдзэу тІу иІэну:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ!ым и Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм фокІадэм и 26-м №270-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м №334-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм гъатхэпэм и 21-м №37-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №54-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 27-м №106-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м №957-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкІа унафэ №338-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м №124-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №54-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м №145-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкІа унафэ №338 -ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм шышхьэуІм и 19-м №177-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м №222-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и яныныкъуэ унафэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм шышхьэуІым и 12-м къыдигъэкІа унафэ №234-ПП-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и яныныкъуэ унафэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьа и пункт 3-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкіэ и министерствэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ №266-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэрэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкіэ и министерствэм теухуа Положенэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкіэ и министерствэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэр цІыху 25-рэ, абыхэм я къулыкъуэм хуэзэ улахуэмкІэ мазэ лэжьапщІэ фондыр аппаратым къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщІэным текІуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах ахъшэу сом 156483-рэ хъуурэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкіэ и министерствэр хуит щІын министрым и къуэдзэу тІу иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкіэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м №55-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкІа унафэ №55-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м №2227-ПП-м щІэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзэгу хозяйствэмкіэ и управленэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ №267-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэрэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзэгу хозяйствэмкІэ и управленэм теухуа Положенэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзэгу хозяйствэмкІэ и управленэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэр цІыху 32-рэ, абыхэм я къулыкъуэм хуэзэ улахуэмкІэ мазэ лэжьапщІэ фондыр аппаратым къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщІэным текІуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах ахъшэу сом мини 187,7-рэ хъуурэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзэгу хозяйствэмкІэ и управленэр хуит щІын унафэщІым и къуэдзэу тІу иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэльытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкІа унафэ №52-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкіэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м Налшык къалэ №269-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкіэ и къэрал комитетым теухуа Положенэр мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу къащтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкіэ и къэрал комитетым (адэкІэ-Комитетщ) нэхъыбэ дыдэу щылажьэхэм (унэхэр хъумэнымрэ зехьэныжьмрэ пыщІахэр хэмыту) я бжыгъэр 64-рэ, абыхэм я къулыкъуэм пэкІуэ улахуэмкІэ апаратым къыпэщыт къалэнхэр зэфІиужькІын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах мазэ лэжьапщІэ фондыр сом мин 377,33-рэ хъуурэ гъэувын.

3. Комитетыр хуит щІын унафэщІым и къуэдзэу 3, щІыху 17 зыхэт коллегие, цІыхуи 9 хъу правленэ иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал псэупІэ инспекцым и Іуэхукіэ» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м №3240-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал псэупІэ инспекцым теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №3240-ПП-мкІэ къыщам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м №125-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №3240-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м №414-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №3240-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 10-м №119-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №3240-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм фокІадэм и 24-м №2263-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м №956-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал псэупІэ инспекцым теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м №161-ПП-м щІэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкІа унафэ №956-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м №238-ПП-м щІэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Шэджэм районым щыІащ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицым и генерал-лейтенант Васильев Сергей иджыблагъэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Шэджэм районым щыІащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР яублащ Васильев Сергейр Шэджэм район администрацэм и Іэтащхэ Ахъуэхъу Къанщобийрэ я зэІущІэмкІэ. Аэр тепсэлъыхьащ къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм икІи я зэпыщІэныгъэм фІы и пІэныкъуэкІэ зэрызэгуэкыр къыхагъэщащ.

Ахъуэхъу Къанщобий, Урысей МВД-м Шэджэм куеймкІэ и къудамэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и унафэщІ Текіуэмэ Артур, ветеранхэм я советым и тхьэмадэхэм ящІыгъуу Цыхухэм зэрызэхэтыр Васильевым зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Къудамэм и Іуэхущіапіэхэм я унафэщІхэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм министрыр щыгъуазэ ящІащ. Я къалэнхэм зэрыпэлъэщым теухуа псалъэмакъыр Іуэху гуапэкІэ иухащ. Васильев Сергей я къалэнхэр хьэлэту зэрырахьэкІым, зыІэрагъэхьа екъуІэныгъэхэм, я Іэщіагъэм зэрыхуэІэижьым папщІэ къыхэжаныкІа хабзэхъумэхэм фІыщІэ тхьилъхэр яритащ.

Министрыр я Іущіащ зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда лэжьакІуэхэм я унагъуэхэм. Васильев Сергей абыхэм яхуэгъэзащІ икІи жиІащ МВД-м и унафэщІхэм и лэжьакІуэхэм хэкІуэда я ныбжьэгъуэхэм я унагъуэхэм сыт щыгъуи гулъытэ зэрыхуащІынур.

А махуэ дыдэм Васильев Сергей

Фэеплъ сынхэр.

Цыхур зыгъэлъапIэр и лэжьыгъэрщ

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и зы пIанэпэр хухахащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъ литературэхэм я лъабжьэхэр зыгъэтIылъа Пащ!э Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ. Щэ!ыгъуэм и 27-м абыхэм я фэеплъхэм деж цыхыу куэд къыщыззэхуэсат ди я!пэ ита цыхыушхуэхэр ягу къагъэкIыжыну удз гъэгъахэр ягъэтIылъыну.

ПСАЛЪЭ гуапэ куэд щыхужаIащ абдеж Пащ!э Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыи Тхах!уэхэм я зэгугъэзнигъэм хэтхэм, Пъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэхэм, журналистхэм, жылагъуэ, щэнхабзэ I уэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм, Щэджэм, Щэрэдж районхэм къыкIахэм, налшык-дзэхэм къыщыкIэмыщIа, зэIущIэм блэкIрэ пэт къыхыхьат Санкт-Петербург щыщ ди хьэщIэ **Слободская Раисэ**. Бзылъхугъэм жиIэрт щIэхIэзхьыуэ Налшык къыззэрыкIуэр икIи Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм къихьэхукIэ Пащ!эмрэ Мечиевымрэ я фэеплъхэм деж къызэрыIухьэр. «Сэ си гуапэщ апхуэдэ цыхуэшхуэхэр фи лъэпкъхэм къаззэрыхэкIар. Уеблэмэ сэ абыхэм я усэ едзыIгуэ зырыз гукIэ ззгъэщIащ. Псалъэ Iэфыр залымыгъэм и бийуэ жызыIэм, псалъэ Iейм узэригъэпудыр зи Iэрыгъхм къыкIащIа къыкIэ сэ гъэщIэ хуэмыщIу къыхсуэгъэнэнукъым», - кIыхигъащIащ бзылъхугъэм.

КЪБР-м и Тхах!уэхэм я зэгугъэнигъэм и тхьэмадэ **Кхъуэ!уфэ Хьэчим** зэIущIэр щигигъэкIуэкIым жиIащ Пащ!э Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ хуэдэу я щхьэкIэ, я Iэщ!агъэкIэ пщ!эрэ щIыхьэрэ къэзыIэжьжьакэр ди гум зэи идгъэху зэрымыхьунур, яхуэтщIын хуейкъэ?! Апхуэдэ дыдэу тхьылъэр тхъумэн хуейщ, нэхъ лъапIэ дыдэу ди!эр ара хуэдэу. Абыхэм езыхэм тхьдэр, щэнхабзэр тхуэхъумащ.

Кхъуэ!уфэ Хьэчим къыззрыхигъэщащи, Пащ!эмрэ Мечиевымрэ я фэеплъхэр здэщыт щIыпIэм деж зэхьхьэкэр, дерсхэр кхъэкIуэну зэманым къыщыззрагъэпэщыну дыщогугъ, арагъэнщ цIыхушхуэхэм я фэеплъ мывэкэр щIагъэуври...

- Iуэхур щыпащащ Пащ!э Бэчмырзэ и фэеплъу поэмэ-псысхэм, сатирэ уэсэхэм къыщигъэлъагъуэрт къуелйхэмрэ къулейсыз-хэмрэ я гъащIэр, зылъэкIхэм ялэжь залымыгъэр, нэгъуэщI ныкъусаныгъэу езым илъагъуэкэ...

- Iуэхур дахэмэ, уи гум нос. Апхуэдэ пшыхьу къысщохъу Пащ!э Бэчмырзэ и фэеплъ зэхьхьэр, - къэпсэльащ КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Бэчмырзэ и тхьдэм къыхощ ныкъуэкъуэгъу абы зэпымыууэ зэриIар, ауэ абыи емылъытауэ, езыр псэукIэм хуэIэижьу, зыми емыщхь лэжьакIуэу щытащ. Ар щапхъэщ. Бэчмырзэ псэуащ XIX лIэщIыгъуэм и кIэ - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэ лъэхъэнэм, лъэпкъыр иригушхуэу иIа джэгуакIуэхэм ящыщу Пащ!эр абыхэм я иужьрей щыхъуа зэманым. Ар и псалъэм, и Iуэхум быдэу тетыж цIыхут, зыльэмыкIым зыщIигъакъуэрт, абыхэм къащхьащыжырт. Пащ!э къыщIэкIуэрт, абыхэм я лэжьыгъэ хуэмыдэ, ауэ абыхэм ящыщ Пащ!эр абыхэм я иужьрей щыхъуа зэманым. Ар и псалъэм, и Iуэхум быдэу тетыж цIыхут, зыльэмыкIым зыщIигъакъуэрт, абыхэм къащхьащыжырт. Пащ!э Бэчмырзэ и цIыху щыкIэмрэ зэфIэкIымрэ тетхьхьауэ щытащ Горький Максим. «Чудесный самородок, вышедший из массы народной» къыхужиIат абы ди джэгуакIуэм.

Балъкъэр усакIуэ Мечиев Кязим хуэдэу, Пащ!эри Уэсмэн къэралыгъуэм тIэу кIуэу щытащ, мухьэжырхэм я гъащIэр зыхуэдэр зригъэщIэну. Абы ильэгъуэхэр, зыри щIимыхьумэу, итхьжауэ щытащ, хэт ищIэрэ, Хэкум иIэпхъукIэр къэгъэувыIэным ари сэбэп хуэхъуагъэнщ. Октябрь зэщIэкъуееныгъэм Пащ!эр гушхуэу пежьат икIи гъащIэщIэм теуха лэжьыгъэхэри къэунэхат. Ауэ, нэхъыщхьэращи, абы и Iэдакъэщ!экIыу тхуэхъума мащIэм я зэманыр зэи иIыныкъым.

Пащ!э Бэчмырзэ и фэеплъ пшыхьым хэтащ КЪБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим, Къабардино-Балъкъэр къэрал филармонием и уэрджыIакIуэ Хьэкъул Оксанэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэхъупащ!э Амырхъан сымэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

абыхэм къытхуагъэна Iуащ!ыгъэм ди нобэр зэрагъэдахэр. «Адыгэхэми балъкъэрхэми ди цIыхуушхуэхэр зэгъуэсу зэрыдгъэлъапIэр фIым и щапхъэщ», - жиIащ Къхъуэ!уфэм.

Философие щIэныгъэхэм я доктор **Эфендиев Сэлихь** къыхигъэщащ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъа Пащ!эмрэ Мечиевымрэ ди лъэпкъхэ къаззэрыкIар тхьдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытар. «Си щхьэр лъахъшуэ яхуэзгъэщхь тIуми, гъащIэм и усыгъэр къытхуэзэуахащи. Нобэ ахэр кхьитхэмытыжми, я вагъуэхэр иджыри куэдрэ уафэм щылыдынущ», - дыщIигъащ Эфендиевым и псалъэм.

- Пъэпкъ библиотекэм кьекIуалIэхэм гуЛатагъэнщ ди литературэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм, егъэджэнымгъэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми хуэфащэу пэрыта ди цIыхухэр щIалэгъуалэм ящымыгъэгъупщэм щхьэкIэ пшыхьхэр, зэхьыхьэхэр зэредгъэкIуэкIым, - жиIащ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**. - Ди къуэ пажэхэм апхуэдэу дахущытын хуейкъэ-тIэ я нэхъ мащIэрая?! Абыхэм я Iэрыкlхэм пщIэ къызэрагъэпэща пшыхьым. Къэрал киногъэльэгъуэлIэм къызэрыгъэзэна Iуащ!ыгъэм ди нобэр зэрагъэдахэр. «Адыгэхэми балъкъэрхэми ди цIыхуушхуэхэр зэгъуэсу зэрыдгъэлъапIэр фIым и щапхъэщ», - жиIащ Къхъуэ!уфэм.

Философие щIэныгъэхэм я доктор **Эфендиев Сэлихь** къыхигъэщащ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъа Пащ!эмрэ Мечиевымрэ ди лъэпкъхэ къаззэрыкIар тхьдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытар. «Си щхьэр лъахъшуэ яхуэзгъэщхь тIуми, гъащIэм и усыгъэр къытхуэзэуахащи. Нобэ ахэр кхьитхэмытыжми, я вагъуэхэр иджыри куэдрэ уафэм щылыдынущ», - дыщIигъащ Эфендиевым и псалъэм.

- Пъэпкъ библиотекэм кьекIуалIэхэм гуЛатагъэнщ ди литературэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм, егъэджэнымгъэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми хуэфащэу пэрыта ди цIыхухэр щIалэгъуалэм ящымыгъэгъупщэм щхьэкIэ пшыхьхэр, зэхьыхьэхэр зэредгъэкIуэкIым, - жиIащ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**. - Ди къуэ пажэхэм апхуэдэу дахущытын хуейкъэ-тIэ я нэхъ мащIэрая?! Абыхэм я Iэрыкlхэм пщIэ къызэрагъэпэща пшыхьым. Къэрал киногъэльэгъуэлIэм къызэрыгъэзэна Iуащ!ыгъэм ди нобэр зэрагъэдахэр. «Адыгэхэми балъкъэрхэми ди цIыхуушхуэхэр зэгъуэсу зэрыдгъэлъапIэр фIым и щапхъэщ», - жиIащ Къхъуэ!уфэм.

Философие щIэныгъэхэм я доктор **Эфендиев Сэлихь** къыхигъэщащ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъа Пащ!эмрэ Мечиевымрэ ди лъэпкъхэ къаззэрыкIар тхьдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытар. «Си щхьэр лъахъшуэ яхуэзгъэщхь тIуми, гъащIэм и усыгъэр къытхуэзэуахащи. Нобэ ахэр кхьитхэмытыжми, я вагъуэхэр иджыри куэдрэ уафэм щылыдынущ», - дыщIигъащ Эфендиевым и псалъэм.

- Пъэпкъ библиотекэм кьекIуалIэхэм гуЛатагъэнщ ди литературэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм, егъэджэнымгъэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми хуэфащэу пэрыта ди цIыхухэр щIалэгъуалэм ящымыгъэгъупщэм щхьэкIэ пшыхьхэр, зэхьыхьэхэр зэредгъэкIуэкIым, - жиIащ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**. - Ди къуэ пажэхэм апхуэдэу дахущытын хуейкъэ-тIэ я нэхъ мащIэрая?! Абыхэм я Iэрыкlхэм пщIэ къызэрагъэпэща пшыхьым. Къэрал киногъэльэгъуэлIэм къызэрыгъэзэна Iуащ!ыгъэм ди нобэр зэрагъэдахэр. «Адыгэхэми балъкъэрхэми ди цIыхуушхуэхэр зэгъуэсу щIэхIэзхьыуэ зэрыдгъэлъапIэр фIым и щапхъэщ», - жиIащ Къхъуэ!уфэм.

Философие щIэныгъэхэм я доктор **Эфендиев Сэлихь** къыхигъэщащ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъа Пащ!эмрэ Мечиевымрэ ди лъэпкъхэ къаззэрыкIар тхьдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытар. «Си щхьэр лъахъшуэ яхуэзгъэщхь тIуми, гъащIэм и усыгъэр къытхуэзэуахащи. Нобэ ахэр кхьитхэмытыжми, я вагъуэхэр иджыри куэдрэ уафэм щылыдынущ», - дыщIигъащ Эфендиевым и псалъэм.

- Пъэпкъ библиотекэм кьекIуалIэхэм гуЛатагъэнщ ди литературэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм, егъэджэнымгъэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми хуэфащэу пэрыта ди цIыхухэр щIалэгъуалэм ящымыгъэгъупщэм щхьэкIэ пшыхьхэр, зэхьыхьэхэр зэредгъэкIуэкIым, - жиIащ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**. - Ди къуэ пажэхэм апхуэдэу дахущытын хуейкъэ-тIэ я нэхъ мащIэрая?! Абыхэм я Iэрыкlхэм пщIэ

«Кабардинка»-р къоф э.

Хьэхъупащ!э Амырхъан уэрэд жеIэ.

Нэхъыжьыф!ым пщIэ хуащI

• Пшыхьхэр

Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, илъэс 25-кIэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуаЕфэнды Джылахьстэн Къасым и къуэр дахэу, Iэтауэ, республикэм и лъэпкъ интеллигенцэр къырихьэлIэу щагъэлъэпIащ Щоджэнщ!ыкIу Алий и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

РЕСПУБЛИКЭМ и зыужьыныгъэм гуэрэ псэкIэ хуэлэжьа, ц!ыхугъэ лъагэрэ Iэхуущ!афэ купщ!афIэрэ зиIэ нэхъыжьыфIыр утыкум хъщIагъэблэгъащ КЪР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъуэ **Фырэ Русланэ** КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдинрэ**.

Тхьэмадэм жьантIэм тIысыпIэ щратуу, хьэщIэхэри етIысхэа нэужь, пшыхьым и пэщIэдзэм ягъэльэгъауэ телевидениэм абы теухуауэ зэхигъэува фильм кIэщIыр. Абы къыхэщыртЕфэндым къикIуа гъуэгуанэм щызэфIигъэкIахэр, щызрихьэлIа ц!ыхуэр, и унагъуэм, и лэжьыгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ иIэ гукъэкIыжхэмрэ езым нэхъ и ныбжьэгъуу, лэжьэгъуу къыдэгъуэгурыкIуахэм хуэмIэмрэ.

КЪР-м Изобразительнэ гъуэзджэмкIэ и музейм и унафэщI Ащхъуэт Ритэщ пшыхьыр езыгъэкIуэкIар. Абы къыззэуэсахэр кIэщIу щигъэгъуэзащЕфэндым и лэжьыгъэм къыхуащIа пщIэм, къыхуагъэфащэ дамыгъэхэмрэ щIыхьыщIэ льагэхэмрэ.

ГуфIэгъуэр щаIэт утыкум я!пэу къраГъэблэгъащ КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдинрэ** министерствэм и жьауэм щIэту къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ Iуэхущ!апIэхэм я унафэщIхэмрэ.

Къумахуэр кьеджащ КЪР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м къыдигъэкIа унафэм – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм пащ!э» орденыр щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыныжмкIэ фIыщIэ хэха зэрыбгъэдэлъым щхьэкIэЕфэндыр Джылахьстэн Къасым и къуэм зэрыхуагъэфащэм теухуам.

Мухьэдин жиIащ ягъэльапIэ тхьэмадэм республикэм и щIэблэ куэдым щэнхабзэ гъэсэныгъэ зэрахилъхьар, абы и лэжьакIэмрэ дунейм тетыкIэмрэ куэдым щапхъэ зэрахуэхьур, республикэм щызэфIэува щэнхабзэ льагэм и лъабжьэр зэригъэтIылъар. Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан и хьуэхъу псалъэхэм кьеджащ щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщI **Кьалэ Хьэзыр**.

«Хэку» зэгухьэныгъэм ильэс куэдкIэ щызэдэлэжьащЕфэнды Джылахьстэнрэ **Къуэдзокъуэ Анатолэрэ**. Нэхъыжьым щехъэхъум Анатолэ къыхигъащащ КЪР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм щрихьэкIа лэжьыгъэм хуэдэ дыдэу, хамэ къэрал щыхэкIэ ди лъэпкъэгъуэкIэ зэшэлIэныкIэ, зэкъуэгъэувэныкIэ Iэхуушхуэ «Хэку» зэгухьэныгъэми зэрыщригъэкIуэкIар. Къуэдзокъуэр кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщеджащ Иорданием щылажьэ Адыгэ Фыщ!э Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир**, Европэм щыIэ Адыгэ Хасэм и унафэщI **Тlамжьыкъуэ Умар-Фарукъ**, Сирием щыIэ Адыгэ Фыщ!э Хасэм и тхьэмадэ **Гугу Акрэм** сымэ Джылахьстэн къыхуагъэхьа хъуэхъу тхыгъэхэм.

-Ефэнды Джылахьстэн и махуэ лъапIэр, дэ, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэ псоми, ди дежкIи гуфIэгъуэ махуэшхуэщ, - жиIащ КЪР-м и Театрым и лэжьакIуэхэм я союзым и унафэщI **Фырэ Майе**. – 1966 гъэ лъандэрэ хэтщ ар ди союзым, гупсысэ купщ!афIэрэ лэжьыгъэ дахэрэ кьытхилъхьэу. Иджы абы и гъащIэр зэрякIуэкIам теухуауэ кьыдигъэкIа томиI хьу и тхьылъэ зэпеуэм хэдгъэхьащ, УФ-м и Театрым и лэжьакIуэхэм я союзым и саугъэтыр зэрыхуэфащэр кьэтIыгъуэ.

Фырэ Майе кьеджащ УФ-м и Театрхэм я лэжьакIуэхэм я союзым кьыбгъэдэкI, зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ Колягин Александр и Iэр зыщIэлъ фIыщIэ тхьылъым икIи ар УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэЕфэнды Джылахьстэн иритыжащ.

КЪР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я цIэкIэ пшыхьым кьыщыпсэльащ Парламентым и комитетым и унафэщI **Пащты Борис**. Абы кьыхигъащащЕфэндым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ республикэм и зыужьныныгъэм кьыгуэхIыпIэ имыIэу зэрепхар, абы и цIэр лъэпкъ, республикэ тхьдэм гуапэу кьызэрыхинар.

Хъуэхъу псалъэ дахэхэр жаIэу, кьызэдакIуа гъэрэгуанэм щыщ гукъэкIыжхэмкIэ кьызэхуэсахэм ядэгуашэу пшыхьым кьыщыпсэльащЕфэнды Джылахьстэн и ныбжьэгъуэр, и лэжьэгъуу щытахэу Молэ Владимир, **Зумакулов Борис**, **Тау Пщыкъан**, **Бер Мухьэдин**, **Канунников Анатолэ**, **Емуз Анатолэ** сымэ.Ефэндыкъэ унагъуэкIэ я ныбжьэгъу, нэхъыжьыфIым итхьуэху Ольгэрэ Маринэрэ щыпхъу пэльытэ зыхуэхъуа **Джэш Фатlимэрэ Бабыгуей Ларисэрэ** кьэпсэльащ а пщыхьащхьэм. Бзылъхугъэхэм кьыхагъащащ Джылахьстэн и чэнджэщэр ноби кьаззэрыхуэщхьэпэр, абы и дуней тетыкIар гъуаэз эзрахуэхьур, и хьыджэбзхэр адэм и лъагъуэм зэрырикIуэр.

Iуащхьэмахуэ район администрацэм и Iэтащхьэм и апэ кьуэдзэ **Афашоковэ Раисэ** жиIащ щэнхабзэм и унэхэр хуэхакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр кьызэгъэпэщынымЕфэндым лэжьыгъэшхуэ зэрырихьэлIар, нобэ республикэм иль щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэр Джылахьстэн куэдкIэ зэрифIащ!эр.

Зи махуэр ягъэлъапIэ нэхъыжьым и ныбжьэгъу Полищук Иван икIи дуней псор кьызэрикIухьам адыгэм, республикэм и цIэр зэрыщигъэIуам и нагъыщэу глобус иратащ. ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Джылахьстэн и лъахэгъуэр - Щэрэдж районым, Аушыджэр кьуажэм я лIыкIуэхэр.

Щ!ы хъурейр кьэзыкIуха «Кабардинка» ансамблым и ветеранхэр Iэгуауэкlэ утыкум кьрагъэблэгъащ. Абдеж кьрашащ езы Джылахьстэни. КьэфакIуэ гупым кьабгъэдэкIыу кьэпсэльащ **Щоджэн Владимир**.

- Илъэс щ!э ныкъуэ хьауэ доц!ыку дэ Джылахьстэн, кьэрал 50-м щIигъу кьызэхэткIухьащ ар ди гъусэу. Сыту кэдым зыщедгъэса дэ уи деж, сыту кэдым дыхуэбгъэIуща! Дэ дахэу тлыку дитми, абы дизышэри, еkIуу дыкъызышыжри уэрат, Джылахьстэн. Ди адэм хуэдэу укъытщ!ьэщ!ащащ. Ди ансамблым ц!э фIищам и закъуэкIым Джылахьстэн, атIэ ар дуней псом кьыщац!ыху «Кабардинка» зыщ!арЕфэндыраш.

«Кабардинка» ансамблым хэт кьэфакIуэхэр дахэу иувыкIауэ зэрыт сурэтым тетхат: «Браво,Ефэнды!». Нобэ я!эт нэхъыжьыфIырт Iэгуауэр зейр, утыкур зыгъэбжьыфIэр! Илъэс 90 ирикъуами, Iэпкъ!ъэпкъ узынщэра псэ кьабзэрэ зиIэ тхьэмадэм кьызэхуэсахэр и лъэгу щIигъэп!ащ, зэгуэр дуней псом яригъэщIыхуа кьэфакIуэ гупымрэ пшыхьым кьебгъэгъэ хьэщ!эхэмрэ щыту Iэгуауэщхуэ я!эту.

Зи махуэр ягъэлъапIэр утыкум кьыщрагъэблагъэм жиIащ:

- Сэ ц!ыхуэхэм щхьэкIэ сыпсэуащ, аращ илъэс 90-м сыкъэзыхьэсар. Си щхьэгъуэсэм и фэеплъыр сщымыгъупщэу, си ныбжьэгъуэм си гур яхуэхьабзэу, си лъахэгъуэхэм саззэрыхуэщхьэпэным сыщIэкъуу кьэскIуащ а гъуэгуанэр. Ауэ иджыри сызыхуэарэзыжьым, нэхъыбзэк сщIэну сыхуейт...

Индие сэкъуэ цIэрыIуэ Тагор Рабиндранат итхат: «Сэ сыщыжьэм пщIыхьэпIэу сльэгъащ гъащIэр - насыпу. Сыкъуша нэужь, кьызгурыIущ гъащIэр ц!ыхуэхэм яхуэлэжьэнэр зэрыарар. Ц!ыхуэхэм яхуэлэжьэн щIэздзэри, хьэжь сщыхъащ а лэжьыгъэм насып кьызэрыпхуихьыр». Абы ещхьщ Джылахьстэн и гъащIэр. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iуэху купщIафIэхэр щIэзэфIэхыу лэжьащ балигъыпIэ зэриувэрэ.

Пшыхьыр кьрагъэкIащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Балкария» кьэфакIуэ гупым, «Камерата» ансамблым, «Вагъуэ шыр» ныбжьыщIэ кьэфакIуэ гупым, уэрэджыкIуэхэр Бабыкъ Мухьэдин, Тащ!о Алий, Щэрджес Iэсият, Мамбэт Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Пшыхьым кьрихьэлIахэр.

• Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Сабийхэм я щIэныгъэм хагъахьуэ

Дзэлыкъуэ районым Сабий творчествэмкIэ и центрымрэ (РЦДО) куей библиотекэм сабийхэм ядэлэжьэныжмкIэ и къудамэмрэ зэгъуэсу щIэхщIэхыурэ къызэрагъэпэщ цIыкIуэхэм я акъылым зезыгъэжь, фIымрэ гуапагъэмрэ хуэзыущий зэIущIэ гъэщIэгъэнэхэр.

МЫ МАХУЭХЭМ екIуэкIа зи чэзу зэхьыкъэм кьрихьэлIат «Природэм и псэкупсэ» фIэщыгъэм щIэту центрым щыIажьэ кьудамэм кьекIуалIэ цIыкIуэхэр. Абыхэм дерс кьызыхахьи псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкIуэкIащ зэгугъэныгъэм и лэжьакIуэ Пономаревэ Татьянэрэ библиотекэм и кьудамэм и унафэщI АфIэунэ Полэрэ.

Псоми фIыуэ ялъагъу унагъуэ псэущхьэхэмрэ ди щIыналъэм узыщIрихьэлIэ хьэкIэхъуэкIэ лIэужьыгъуэхэмрэ ятеухуауэ абыхэм ирагъэкIуэкIа дунеилIэр сыт и лъэныкъуэкIи гъэщIэгъэнэ. Ц!ыкIуэхэм ящащ!ащ ди лъахэм ис псэущхьэхэр, кьуалэбзуэхэр, ди псыежэхэхэм хэс бдзэжьейхэр хъума зэрыхъуну щIыкIэм теухуа куэд.

Псалъэмакъ щхьэпэм кьыкIэлыкIуэу щIыкIуэр щагъэгъуэзащ библиотекэм сабий литературэмкIэ иIэ гъэтIылъыгъэхэм. «Мыпхуэдэ зэIущIэхэм щIэблэр тхьилъ еджэнми драгъэхьэх. АпщIондэху гъэсэныгъэр ф!ощIакIуэ, я щIэныгъэми хагъахъуэ», - кьыхагъэщащ кьызэгъэпэщакIуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Псапащ!э

Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу

Аруан къуажэм и «Нур-ет» щэнхабзэ центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ хабзэ хъуауэ илъэс къэс къыхалъхьэ псалъэщIэ Iуэхугъуэм и зи чэзу зэхьхьэ. Дапщэщи хуэдэу, ар екIуу, зэуIуу, и мыхьэнэр къыхагъэщу къызэрагъэпащащ. Псапащ!э Iуэхум жьлэм дэс нэхъыжьыфIхэри, ныбжьыщIэхэри, яхуеблагъэ хьэщIэхэри гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу хэтащ.

ТIЫСЫПIЭ 420-рэ зиIэ Щэнхабзэмкlэ унэм ц!ыхур щыIуат. Псори я пIэм иэзгъа нэужь, зэхуэсышхуэр кьафэкIэ ирашажьэри, псапащ!э Iуэхум щIадзащ. ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Къардэн Вячеслав къызэхуэсахэм ехъуэхъури, щIызэхьыха Iуэхум и мыхьэнэм кIэщIу кьытеувIащ, ар зыфIэлъапIэхэм, хуэмыщIаxэм защIэзыгъакъуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

- «Псалъэ щабэ гу щабэщIщ», жаIэ. Мыпхуэдэ Iуэхуэхэр ц!ыщыхалъхьэхэм деж а псалъэхэм я мыхьэнэр куэдкIэ мэбгагъуэ, щIэгъэкъуэн хуэныкъуэхэм яхуэгъэза ди гупсысэхэр нэхъжан, нэхъ куу мэхъу, фIы щIэнымрэ гуапагъэмрэ ди гур хуопабгъэ, ди псэр щабагъэм хуэзIудох. Мы Iуэхур кьызэретхьэжьа ъльандэрэ а псор нэхъуэру кьыттпкърыхьэу кьысфIощI. Жылэ щыхъуКIэ, зи закъуэ, зи ныбжь хэкIуэта зылъэмыкIыжи, хуэмыщIахэри дэсщ. Сымаджэхэри щыIэщ. Апхуэдэхэм дадэIэпыкъуу, защIэдгъакъуэу дыкъоГъуэгурыкIуэри, а хабзэфIыр кьыддэзыIыгъэжи, зи сомкIэ кьытхэзэувэжи фIыщIэ яхудощI. Ди кьуажэм щыIэ организацэхэм, предприятэхэм, бдэжэндыраважьэхэм дапщэщи мы Iуэхур кьыддаIыгъри, Тхъэм псапэу кьыаритыж, - кьыхигъэщащ Къардэн Вячеслав икIи кьызэхуэсахэм я Iэгуауэм щIэту зэIущIэр кьызэIуихащ.

ИужькIэ Щэнхабзэмкlэ унэм и артист ныбжьыщIэхэр зэгугъэблэгъащ. Абыхэм псапащ!э Iуэхум концерт купщIафIэ хуагъэхьэзырат. Художественнэ унафэщI КIауэ Оксанэ ахэр чэзуэу утыкум иришащ, езы ц!ыкIуэхэми яфIэщIэщ!ауэу, яфIэфI дыдэу сценэр ягъэбжьыфIащ, хэкум, лъэпкъым, ц!ыхугъэм, гуапагъэм ятеуха уэсэхэм кьеджащ, уэрэдэхэр жаIащ, кьафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIащ.

Яхуеблагъэ хьэщIэхэм ящыщу апэу псалъэ кьыIихащ Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Щоджэн Риммэ.

- Мы фи зэхьыхьэ щхьэпэм дапщэщи си гуапэу сыхэтщи, псапэ щ!эным фи гур зэрыхуэзIухар си нэгу щIокI. Дэтхэнэ зы къуажэмэи хуэдэу, хуэмыщIаxэр, зи ныбжь хэкIуэтахэр, зи закъуэхэр, щIэгъэкъуэн хуэныкъуэхэр фи жылэмэ дэсщ. Абыхэм псэукIэр ящыгъэпсынщIэным, тыншыпIэ етыным гулъытэ хувощIри, Тхъэм фыхущIигъэхъэ. Мыр псапэмрэ гущIэгъуэмрэ я мыхьэнэр щIэзыгъэбыдэ, ц!ыхугъэ лъагэм ухуезыджэ хабзэ гъуэгуэжьэщ, ди гъащIэм увыпIэ нэхъыщхьэ щыхьIыгъэ Iуэхугъуэщ. Абы фIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ, ди псэр нэхъ кьабзэ, ди гур нэхъ щабэ дохъу, ди пщIэмрэ ди нэмысымрэ хегъахьуэ, дыхьэкъуегъэувэ. ЦIыхуэхэр зэдэIэпыкъуэмэ, псэукIэр яофIакIуэ, сымаджэхэм я узыр токIуэт. Фи зэхьыхьэр гумащIагъэм, зэхущытыкIэ дахэм хуэгъэпсащи, щIэгъэкъуэн хуэхэр фи куэду, абыхэм хуэныкъуэхэр фи мащIэу жылэ узынщэу тхьэмадэ дяпэкIи зывигъэузащI,- захуигъэзащ абы мысостейдэсхэм.

Аруан район администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и кьалэнэр зыгъэзащIэ Хьэх Ритэ и гуапэу кьигъэльэгъуащ ильэсибгъу и пэкIэ кьуажэм кьыщыхалъхьа псапащ!э Iуэхур зэрыщапхъэфIыр, мамыр гъащIэм, зэIуэзэпэщ псэукIэм я лъабжьэр зыгъэбыдэ лъапIэныгъэхэм зэращыщыр.

- ЦIыхушхуэ зэхуэсащ нобэ, ныбжьыщIэ куэди кьрихьэлIащ. Сценэм гу хуэзыщIа ц!ыкIуэхэм я зэфIэкIыр гухэхъуэу утыкум щагъэлъагъуэ, нэхъыжьхэм я фIыщIэ кьахьу, Iуэху щхьэпэм хэтщ. Абыкlэ кьыхэзгъэщыну сызыхуейр кьуажэ администрацэмрэ Щэнхабзэмкlэ унэмрэ зэуIуу, зэдэIэпыкъуу зэрызэдэлажьэщ. «Нур-ет» щэнхабзэ центрым и унафэщI Зыхьэ Оксанэ куэдым хунэс ц!ыху жьджэщ. Къуажэм щекIуэкI зэIущIэхэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуещI, Iуэхугъуэ гукъинэжкъэр хуегъэхьэзыр. Ар иджыри зэ ди нэгу щIокI. Нобэрей зэхьыхьэр зытеухуэжар псапэ щIэныщ, хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэныраци, фи мурадхэр Тхъэм кьывигъэхъуIэ, - кьигъэльэгъуащ Хьэх Ритэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым иригушхуэу.

Псапащ!э Iуэхум я мылъку халъхьащ кьуажэм дэт Iуэхущ!апIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, бэджэндыралажьэхэм, жылэм щыщу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм. Марафоным иримыхьэлIафахэм, зыхущIагъэхьуэрэ, ноби кьызэгъэпэщакIуэхэм зыхуагъаз, я сомкIэ хоувэ.

Зэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьаIэтащ ц!ыхуфэм фIыуэ яльэгъуэ уэрэджыIакIуэхэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и солистхэхэу Къуал ФатIимэ, Хьэкъуэ Оксанэ, Налшык щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ и колледжым и студентхэу Емыш Линэ, Пащ!э Светэ, Унэж Аслъэн сымэ. «Щапхъэ зытрах» ц!эр зезыхьэ «Нур-ет» ансамблым концертыр кьафэкIэ зэхуищIыжащ.

«Дзэгъэгъуэу защ!эдгъэкъуэнщ» зыфIащa псапащ!э акцэм хэтащ Аруан районым ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и тхьэмадэ КIущ Валерэрэ Нарткъалэ и Iэтащхьэ Батий Исмэхьилрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Кратов Евгений щIыхь тхылъ ирет ГъукIэкъул Иринэ.

Акбаев Ренат щIыхь тхылъ ирет Езауэ Маринэ.

«Черкес хэкум» и махуэ лъапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

АдэкIэ утыкум кърагъэблэгъащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и депутат **Акбаев Ренат**. «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэрэ абы и унафэм щIэту лажьэ гупымрэ ехъуэхъури, газетым и пщэ кьалэнышхуэ кьуэрэдэхуэр, ар зыхуей хуэзэу журналистхэм зэрызэфIахьыфыр дыщIигъуащ Акбаевым.

- «Черкес хэку» газетыр нобэ щIэджыкIакIуэ куэд зыпэплъэ, дзыхь зыхуащI кьыдэкIыгъуэщ, - жиIащ Ренат. - А псом кьыдэкIуэу, ар гъэсапIэ нэс яхуэхъуащ журналист куэдым. ДапэкIи газетым и лэжьакIуэхэм я Iэзагъым хагъахъуэу, псынщIэу зызыхъуэж зэманым дэбакъуэу, журналистикэм и купщIэр IуэхущIапIэм и лъабжьэу кьыззрекIуэкIынум шэч кьытетхъэркъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэ адыгабзэр хъумэныр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щIыхубэр кьыхуедджэныр араши, абы фыпэлъэщыну дыщогугъ.

Псалъэ гуапэхэм яужь, КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и Президиумым и щIыхь тхылъэр хуагъэфэщащ газетым и лэжьакIуэхэу Езауэ Маринэрэ Туаршы Ирэрэ.

КъШР-м ЛъэпкъIуэхэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэмрэ печатымкIэ и министр **Кратов Евгений** кьытеувыIащ «Черкес хэкум» кьыззринэкIа тхыдэм, лъэпкъ газетхэм яIэ мыхьэнэм. Абы кьыхигъэщащ шэрджэс газетыр лъэпкъыми къэралми я гукъэуэрэ гуфIэгъуэри дигуэшу кьыззрекIуэкIар, нобэ апхуэдэу зэрылажьэр. «Бзэм, тхыдэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI IэнатIэ куэдми щекIуэкIыр кьиргъэлъагъуэу кьыдэкIыгъуэ куэд дунейм кьытехьащ, абы кьыдэкIуэуи лъэпкъым и псэм дыхьэ газет хъун хуэзфIэкIащ, щэнхабзэ бейм и гъуджэрэ щIыхубзм я гум кьипсэлъыкIыу нобэ мэпажьэ», - дыщIигъуащ къэпсалъэм.

КъШР-м ЛъэпкъIуэхэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэмрэ печатымкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкI щIыхь тхылъэхэмкIэ Кратов Евгений хуэупсащ ГъукIэкъулхэ Даутрэ Иринэрэ, Туаршы Беслъэн, Къущхьэ Фаризэт, корректорхэу Дзэхьи Роззэ, Мусэ Зуридэ, Гундэхъу Аня сымэ.

Мы гъэм зи илъэс 90-р зыгъэлъапIа «Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьабгъэдэкI сэлам гуапэр пшыхьым кьрихьэлIэхэм ярихьгъэкIа номер бжыгъэр зэщхьэщыкIми, абыхэм я лэжьыгъэм и купщIэр зэтохуэ, - жиIащ ЗхьэфIыцIэм. - Дэ псори дызыхуэлажьэр адыгэ лъэпкъыр гъэбжьыфIэныкъым, адыгэбзэр хъумэныр, ди хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр кьытщIэхъуэу щIэблэм едгъэщIыхунырщ. Зэман хьэпэхэм лъэпкъ газетыр щыIэным, кьыдэкIыным хуэлэжьа редакторхэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ. Ноби абы зригъэужь зэпыту зи IэнатIэм пэрыт Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэрэ абы и нэIэ щIэт гупымрэ я гуащIэм хъер кьыпэкIуэу, я щIэджыкIакIуэхэм кьахэхъуэу куэдрэ Тхьэм щигъэIэ.

Я IуэхущIафэкIэ, дунейм тетыкIэкIэ дунейм псом кьыщащIыхуэ адыгэхэм я сурэтхэр зытет бгъэхэIу 30 щIэзэхуэхьэса тыгъэхэр, «Черкеса» кьыдэкIыгъуэм щыщ тхылъхэр бысымхэм яритащ �хьэфIыцIэм.

«Черкес хэку» газетымрэ абы щылажьэхэмрэ ябгъэдэлъ фIыщIэр кьыхэщу, дяпэкIи зиужьыну хуэхъуахъуэу утыку кьыщыпсэлъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым ящ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъАХ-м и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

Дербэ Тимур и псалъэ.

- «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ» газетхэм нобэр кьыздэсым кьыдаджащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъАХ-м и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

- «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ» газетхэм нобэр кьыздэсым кьыдаджащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъАХ-м и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. КъШР-м и лIыкIуэу щыIэ **Дер Вячеслав**, ШэушэН Республикэм лъэпкъ Iуэхущхэр печатымкIэ и министрым и ЧэнджэщэгъуэI **Юнусов Хьэмзэт**, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур**, «Майкопские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Кондратенкэ Валерий**, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд** сымэ.

Дербэ Тимур и хьуэхъу псалъэхэм и ужькIэ, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и Iэр зыщIэлъ унафэм кьеджащ - «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр кьыззрыфIащам теухуам.

Лъэпкъ газетым цIыхубэм я пащхьэ щIэ фIыщIэр кьыхэщу, абы дяпэкIи зиужьащIу хуэхъуахъуэу утыкум ихьхьащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбзэ, Адыгэ-Хьэблэ районхэм кьикIа лIыкIуэхэр, кьуажэ Iэтащхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, пощт кьудамэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьым кьрихьэлIа, я гуфIэгъуэр ядэзыIэта псоми захуигъазэу кьэпсэльащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ.

- ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди махуэшхуэр кьыддэзыIыгъа хьэщIэхэм. Абыхэм пщIэ зыхуащIар ди закъуэкъым, атIэ шэрджэс лъэпкъри яIэтащ, газетыр зэман зэхуэмыдэхэм кьыдэзыгъэкIа ди нэхъыжьфIхэми псалъэ гуапэхэр хужаIащ. Утыкум щыIуа псори нэрылъагъу хъуэу, дяпэкIи ди лъэпкъри, хэгъуэгури, кьэралри ефIакIуэу, дызэщыгуфыкIыну дызэдэпсэуну си гуапэщ! - жиIащ Увжыкъуэ.

ГуфIэгъуэр зыIэтыр кьафэмрэ уэрэдымрэщ. «Черкес хэкум» и пшыхьыр ягъэдэхащ «Черкесия» уэрэджьыкIуэ гупым, адыгэ пшыналъэ дахэхэр зыгъэзэщIа «Ридадэ» гупым, уэрэджьыкIуэхэу Джатэ Инал, Нэней Маринэ, Синд Эммэ сымэ, изгъэщIэхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

***P.S.** «Черкес хэку» газетыр кьыдэкIын зэрыщIидзэрэ ильэс 90 щрикъум ирихьлIэу «Адыгэ псалъэ» газетым хуищIа тыгъэхэм ящыщщ адыгэ усакIуэ, журналист Уэрэзей Афлик кьуэш газетым хуэзэкильхьа мы усэр:*

Шэрджэс щIыналъэм и гъуджэ

Къэувыдэ ищIэрэкъым зэманым,
Илъэсхэр блэжьэр зэкIэлъеIэу,
Урихьэжьыхьрэ зэм архъуанэм,
Зэм-зэми кьыбдилъэжу и Iэр.

«Черкес хэку», «Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ» -
ЗылI и быну зэрыубыда зэшхэм
Анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэр кьыщIагъалъэу,
Адыгэбзэр дунейм псом кьыщагъэушэ.

Газетищри кьыщыдэкIкIэ зэгъусэу,
Адыгэм я псэр ираLъхьэжри зы чысэ,
Кьалъыхъуэжу лъэпкъым и джэлэсыр,
ЩIы хъурейм лъэпкъэгъуэр щохасэ.

Уи пашэр ящIыу зэхэзехуэ,
Ущыхагъэтми бэлыхь Iэджэ,
Уи IэужьыфIхэр игъэзахуэу,
«Черкес хэку», адыгэр тебдзэм кьеджэрт.

ЗыдрагъэкIуурэ зэманым,
Куэдрэ яхъуэжами кьуэзроджэр,
Сыт щыгъуи ухуэпэжт кьалэным,
Шэрджэс щIыналъэм уригъуджэу.


Шэрджэс щащэм пшынэр егъэбзэрабзэ.

Пшыхьыр джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэгурыIуэр мэунэри…

● ЗэIущIэхэр
Кучуков Магомед и псалъэ.

Бгырысхэм игъащIэми кьадекIуэкI хабзэ дахэхэм ящыщщ нэгъуэщI лъэпкъ кьыхэкIа, нэгъуэщI щэнхабзэрэ динрэ зезыхьэ щIыхухэм пщIэ яхуэщIынырщ, щыIэныгъэ яхэлъу яхуищытынырщ. «Толерантность» псалъэр фIэщыгъэу иджы зыгъуэта а хьэлыр мы зэманым псори зыхуэныкъуэщ. Аращ абы махуэ хэха иIэнир 1995 гъэм ЮНЕСКО-м щIиубзыхуари.

ПЩIЭРЭ нэмысрэ, бзшэчагъэр шыIэныгъэр зи лъабжьэ зэхуущытыкIэ дахэ щIалэгъуалэм яку дэлъыным хуэгъэпсэ Iуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэ куэд мы махуэхэм щокIуэкI еджапIэхэм. Арат зытеухуар КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щызэхэта щIэныгъэ-практикэ конференцри. ШыIэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ я дунейпсо махуэр зэдагъэльэпIэну, абы хуэIэ епIыкIэхэмрэ мурадхэмрэ зэхуэIуэтэну еджапIэ нэхъыщхьэм и пэш хуитым щызэхуэсат ди республикэми гъунэгъу щIыналъэхэми я щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэр. Конференцыр кьызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъМУ-м щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор **Бесчокъуэ Руслан.** ЗэIущэм кърихьэлIахэм фIэхъуэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэза нэужь, ар кIэщIу кьытеувыIащ махуэшхуэм и тхыдэм икIи кьыхигъэщащ шыIэныгъэ пэлъыныр - псом ящрагъуэ, уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжыныр арауэ зэрыщытыр.

- Ди лъэпкъхэм зэрахьэ хабзэхэм шыIэныгъэмрэ зыIуэрыплъыхьымрэ щIыпIэ хэха зэрыщагъубыдым щыхьэт техьуэ Iуэхугъуэ куэд щыIэщ. Къэтщтэнщ адыгэ псалъэжьхэр. «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс», «ЗэгурыIуэр мэунэри, зэижитIыр мэунэхъу», «ЗыхуэмышIэ пщтырафэщ», нэгъуэщI лъэпкъ IущыгъэхэмикIыхоущ зи гугъу тщIы толерантностыр ди лъэпкъ хьэлащэну зэрыщытыр, - кьыхигъэщащ абы. - Дапщэщи, псом хуэмыдэу иджырей лъэхъэнэм, шыIэныгъэр цIыхум хэлъын хуей хьэлыфIхэм ящыщщ. Абы хуэхейхэм я зэранкIэ зэщыхьэфынущ гуп щхьэхуэхэр, лъэпкъ псохэр. Фэ, зи щIалэгъуэхэр, фыкъыхуэоджэ пщтырагъ фхэмылъу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэ фи зэхуаку дэлъу фызэхущытыну, фыкъызыхэкIа лъэпкъымрэ зефхьэ щэнхабзэмрэ динымрэ емылъытауэ. Атхуэдэу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъырщ, щIыналъэрщ, къэралырщ кьэкIуэну дахэ зиIэфыр, кьыкIэлъыкIуэ щIэблэхэми щIэин лъапIэхэр кьахуэзыгъэнэфынур.

Проректорым жиIам дыщIагъуу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и �IэщIагъэлI **Узденов Расул,** КъБКъМУ-м философиемкIэ и кафедрэм и унафэщI **Кучуков Магомед,** ГъэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и егъэджакIуэ **Къуэ Мадинэ,** БизнесмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ **МахуэлI Мадинэ,** Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и доцент, абы кьикIа гупым я пашэ **Байрамуков Арасул** сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэри абыхэм я унафэм щIэту конференцым хэта студентхэми я къэпсэльэныгъэхэм я купщIэ нэхъыщхьэр зыт: сыт хуэдэ лъэпкъми игъэнэхъапэ щIыхь хьэлащэнхэр - напэр, лIыгъэр, пщIэр, нэмысыр, нэхъыжь нэхъыщIэ зэхущытыкIэр - къэралпсо зэгурыIуэныгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ я лъабжьэщ.

ЩIыналъэпсо щIалэгъуалэ зэIущIэм зэрыщижаIамкIэ, абы и утыку щыIуа доклад псори щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ мыгувэу кьыщыдэкIынущ КъБКъМУ-м и тхылъ тедзапIэм. Ар Iэрагъэхьэнущ ди республикэми гъунэгъу щIыналъэхэми щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм.

ЖЫЛЛАСЭ Маритэ.

Конференцыр щекIуэкIым.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩыщIэныгъэхэр къахутэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» (РКС) къэрал бюджет IуэхущIапIэм хущхъуэхкIэхэмрэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ якIэлъыплъныжмкIэ законодательствэр зэрыщагъэзащIэр, УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм кьипщытащ.

Абы кьызэщIрагъэубыдащ РКС-м и аптекэр, нейрохирургиемкIэ, лъынтхуэзэмкIэ, реанимацэмкIэ, сымаджэхэр зрашалIэ, мафIэс уIэгъэхэм щеIэзэ кьудамэхэр, хирургие №1-р, сымаджэщым и гаражым дэт хущхъуэзкI хъумапIэхэр.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым, хущхъуэзкIэхэр зэрахьымэ хабзэхэр аптекэм щамыгъэзащIэу, температурэ тэмэмыр кьызэрызэрагъэпэщ Iэмэпсымэхэр яхуримыкIуу кьахутащ. РКС-м и кьудамэ псоми апхуэдэ щыщIэныгъэхэр кьыщыщIагъэщащ. Къапщтэмэ, мафIэс уIэгъэм зэрелэзэ левометил щыхуэныр (мазь) щахьымэ щыIалъэм хуабэу градуситху фIэкIа имыIыгъыу кьыщIэкIащ (градус 12 - 15 хъун хуейщ). КьыщынэмыщIауэ, хущхъуэзкIэхэр щызэрахьэ щIыпIэхэм техьэпIэкIэ кьомэщIэкI. КьызэрахутамкIэ, РКБ-м кьищэхур хущхъуэхэкIхэм я Къэрал реестрым щамытха, абы ирамылъхьа кислородщ. Ар щыIэ законодательствэм кьезэгъыркъым.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну пщэрылъ ящызыщI тхылъ Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и цIэкIэ ягъэхьэзыращ. Мы зэманым абы хоплъэ.

Къалэн щащI

ФIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страховани и Iуэхукъ законодательствэр зэрагъэзащIэр Аруан районым и прокуратурэм кьипщытащ. А лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым «ДСУ-1» ООО-мрэ «Мэрэзэкъу» НП ЗАОР-мрэ страховой взносу сом мелуанитIым щIиргу зэтрагъэхьауэ хьахутащ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, кьыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну къалэн ящызыщI тхылъхэр а IэнатIэхэм я унафэщIэхэм хуатащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Связь

ТехнологиещIэхэр я лъабжьэу

«ВымпелКом» («Билайн») ОАО-м 4G коммерцэ сетым (LTE) и Iуэхухъэбзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыхелъхьэ. 4G сетым нобэ республикэм и щыхэрыр зэщIегъэхьэ. Кьадэм и щIыналъэм и процент 80-м нэбагъэр абы и епIанэ лIэужьыгъуэм кьызэщIеубыдэ.

LTE сетым хъыбархэр нэхъ псынщIэ дыдэу зэрызэIэпих хуабжьагъыр компанием и техникэ IэщIагъэлIхэм ягъэунэхуащ - ар секундым Мбит 50-м щIегъу. Ику ит псынщIагъыр секундым Мбит 15 - 20-м нос.

- Хъыбархэр зэрызэIэпах сетым и «епIанэ лIэужьыгъуэм» дызэрыхуэкIуам Интернет-технологием зэрызиужьынум и лъэхъэнэщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуэIуэх. Ди республикэр Урысей Ипщэм и рекреацэ щIыналъэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ. Иджы 4G сетым кьытхуеблагъэ зыплъыхьыкIуэхэм Iэмалыфlхэр кьахуэзгъэпэщ. ЩIыпIэ жьыжьэхэр кьызэщIэзыубыдэ Интернет псынщIэрылажьэм и пIэкэ ар кьагъэсэбэп хъунущ, - жеIэ «ВымпелКом» ОАО-м и Налшык къудамэм и унафэщI Шыхъуэстэн Мурат.

Сеть лIэужьыгъуэщIэр къэзыгъэсэбэпынум LTE-м пыщIа Iэмэпсымэ кьищэхуу, кьызэрыгуэкI SIM-картэр LTE сетымкIэ лажьэ USIMкIэ щщIэнпщэу ихьуэжын хуейщ. Ар компанием Налшык щиIэ и хэщIапIипIми щыхуэзэфIагъэкIынущ.

Мы зэманым «Билайн» LTE сетыр Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэхэм ящыщу Ставрополь крайм, Ростов, Астрахань областхэм, Шэшэн, Къалмыкъ, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щолажьэ.

LTE сетыр жыджэру зэриухуэм кьыдэкIуэу, «Билайн»-м 3G щIалъэми зрегъэужь. Астрахань, Элиста, Сочэ, Волгоград, Ставрополь, Краснодар кьалэхэм HSPA+Dual Carrier технологием тегущыхуауэ щыхъуэкIуэ. Абы псынщIэрылажьэ Интернетым и хуабжьагъыр зы секундым нэхъыбэ дыдэу Мбит 42-м нигъэсыфынущ. Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэхэм я зэзыгъэуIу (базовэ) станцхэм я процент 80-м ар щызэтраухуащ. АбыкIэ Ставрополь крайм бжьыпэр иIыгъщ - 3G щIалъэр щызэгъэуIуа и станцхэхэм я процент 98-р Dual Carrier технологиемкIэ ягъэпсащ.

ЩIыпIэ жьыжьэхэр кьызэщIэзыубыдэ IэмэпсымэхэмкIэ «Билайн»-р кьэзыгъэсэбэпхэм Интернеткlэ зэIэпах хъыбархэм хохъуэ: мы гъэм ар ди къэралым процентI 123-м щынэсащ, Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэхэм процентI 130-рэ щохъу.

Гу зылъытапхъэ:

«ВымпелКом» ОАО-р связымкIэ дунейпсо операторхэм я зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ «ВымпелКом Лтд» компание гупым хэтщ (штаб-фэтэрыр Амстердам щыIэщ). Абы хохъэ Урысейм, Италием, Украинэм, Къэзахстаным, Узбекистаным, Таджикистаным, Ермэлым, Куржым, Кыргъызым, Лаосым, Алжирым, Бангладешым, Пакистаным, Зимбабвем иджырей технологие пэрытхэмкIэ Iуэхутхьабзэ зэмылIужьыгъуэхэр зыубгъуауэ щызэфIэзыгъэкI связым и къудамэхэр. «ВымпелКом Лтд» гупым и компаниехэм я лэжьыгъэр «Билайн», «Киевстар», «Wind», «infostrada», «Mobilink», «Banglink», «Telecel», «Djezzy» дамыгъэхэм щIэту къызэрагъэпэщ. 2014 гъэм фокIадэм и 30-м ирихьэлIэу Компанием и Iуэхутхьабзэхэр кьэзыгъэсэбэпхэр мелуан 223-м нэсащ.

«ВымпелКом» ОАО-м жылагъуэм ядэлажьэныкIэ и дирекцэ.

Молэ Iэщрим Къесын и къуэр дунейм зэрехьажам теухуауэ кьытхуэгуэзвахэм, ди гуауэр кьыддэзыгуэшахэм фIыщIэ яхудощI.

Молэхэ я лъэпкъыр. Жэмтхьэлэ кьуажэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●